# ЛИНГВОПОЭТИКА – ТИЛ БИЛИМИНИҢ ЖАҢА ТАРАЎЫ

**Г.Жолдасбаева,**
*магистрант,*

*Илимий басшысы:* **А. К.Пирниязова,**
*филология илимлериниң докторы, профессор*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15643847

***Аннотация***. *Мақалада соңғы жыллары қарақалпақ тил билиминиң бир тараўы болып қәлиплескен лингвопоэтика тараўы ҳаққында сөз етиледи. Оның ўазыйпалары, мақсети ашып көрсетиледи.*

***Таяныш сөзлер***. *Тил билими, әдебияттаныў, лингвопоэтика, сөз өнери, текст.*

Тил билиминде жаңа тараў ҳәм жөнелислердиң пайда болыўы илимий изертлеўлер майданының кеңейиўине себеп болмақта. Тил фактлары анализи менен байланыслы бүгинги күнге шекемги әмелге асырылған изертлеўлерде тек таза илимий лингвистикалық бағдарлар көзге тасланады. Бул тараўдағы излениўлер еки ямаса оннан да артық илимлердиң биргеликте әмелге асырылыўы социолингвистика, психолингвистика, лингвокультурология, прагмалингвистика, когнитивлик тил билими сыяқлы жаңа илим тараўларын пайда етпекте. Тил билиминиң әдебияттаныў илими менен бирге ислесиўи нәтийжесинде лингвопоэтика тараўының пайда болыўы жаңа термин оның менен байланыслы түсиниклердиң кеңейип барыўын тәмийнлемекте.

Жаңа жөнелистеги изертлеўдиң объекти – тил, сол тил арқалы берилген поэтикалық мақсет яки поэтикалық ҳәдийсе, оның мазмун структурасын лингвопоэтика үйренеди.

Бунда автор стилиниң ҳәрқыйлылығы, өзгешелиги, тәсиршеңлик дәрежеси сыяқлыларды сүўретлеўши қураллар тилдиң лингвопоэтикалық структурасын қурайды. Лингвопоэтикалық структурада автордың коммуникативлик нийети ҳәм мақсети, қаҳарманлар руўхыяты ҳәм характерине тән болған жағдайлар көринис табады. Илимий түсиниклердиң мазмуны текст, сөйлеў, сүўретлеў қурамында көринис табады. Соның ушын да көркем тексттиң ҳәр қандай формасы жазыўшы яки шайырдың поэтикалық шеберлиги тийкарында лингвистикалық бирликлер мазмун структурасына жайластырылады. Сол себепли лингвопоэтиканың материалы есапланған текст улыўма тил нызамлықларының жыйнағы сыпатында талланады.

Көркем шығарманың тийкарғы қәсийети – образлылық. Образлылық – көркем өнер. Көркем әдебият – сөз өнери. Сөз өнери – әдебияттаныў объекти.

Сөз өнери тил, сөйлеў қуралында сәўлеленеди. Сөйлеўдиң қалай сүўретленгенин, сөз өнериниң өзгешеликлерин тил билими үйренеди. Демек, лингвопоэтикалық бағдардағы изертлеўлер методы ҳәм методологиясы тил билими ҳәм әдебияттаныў тараўлары теориясына тийкарланады. Лингвопоэтика түсиниги тил билими ҳәм әдебияттаныў илимлериниң интеграциясына тийкарланады [1;2;3]. Бунда, биришиден, ҳәр еки тараў әдебияттаныў ҳәм тил билими илимлери ушын улыўма болған теориялық көз-қараслар тийкарындағы парадигмалардың әҳмийетин илимий түсиниклер қәлиплестиреди. Екиншиден, теориялық көзқараслардың дәлили ушын көркем әдебияттан алынған материалларды таллаў ушын метод улыўмаласады.

Көркем шығарманың тилин үйрениў процеси дәслеп тил билими ҳәм әдебияттаныў тараўлары бойынша ажыратылған болса, илимде уйғынлықтағы жаңа тараўлардың қәлиплесиўи менен, еки илим тараўындағы изертлеў материалларына зәрүрликтиң жаңа көбейиўи методологиялық қатнасты талап ете баслады. Ҳәрқандай изертлеў материалын еки илим көзқарасынан изертлеў мүмкин емес. Буның ушын ҳәр еки тараўды бирлестирип турыўшы, ҳәр еки тараў изертлеўинде бөлек бөлим сыпатында көринетуғын илимлердиң аралық бөлимлерине қатнаслы теория ҳәм методларды есапқа алыў керек болады.

Поэтика – жаңалық, бийтәкирарлық, оригиналлық. А.Расулов “Бадиийлик – асарнинг руҳи, “жони”, борлиғи. Мана шу руҳ, “жон” асардаги ижтимоий муносабатларни, характерлар тўқнашувини, сиёсий қарашларни, мафкуравий-ахлоқий ҳолатларни, умуман, асарнинг макони, замонига оид маълумотларни акс эттиради. Бадиийликнинг маъни-маъноси ҳам замон, муҳит, замондошлар, турлича қарашлар ҳақида кенг ва мўл маълумот беришдир. Асар фақат ва фақат бадиийликка асосланиши лозим” [2: 120], - екенлигин атап өтеди.

Буннан көринип турғанындай, поэтика бул жаңа нәрсе, ойлап табыўшылық болып, ол оқыўшы ушын пикирлер кеңлиги, еркинлик, дүньяны басқаша бақлаў, аңлаў имканын береди.

Лингвопоэтика лингвистиканың айрықша жаңа тараўы сыпатында көркем шығарма тилин үйрениўши жаңа жөнелислердиң бири. Бул жөнелис бойынша әмелге асырылған изертлеўлер тараўдың мазмунын өзинде толық сәўлелендирген деп айтыў қыйын.

Лингвопоэтика түсинигин тар түсинў арқалы поэтикалық характердеги шығармалардың тил өзгешеликлери үйрениледи, деген көз-қараслар бар. Негизинде поэтика түсинигиниң мазмуны жүдә кең.

Жуўмақлап айтқанда, соңғы жыллары тил билими ҳәм әдебияттаныў илимлериниң инеграциясы тийкарында пайда болған жаңа тараў - лингвопоэтика өзиниң изертлеў методларына, объектине ийе. Бунда тийкарынан сөздиң образлылығы тийкарғы орында турады.

**Әдебиятлар:**

1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика. – Нөкис, 2019.
2. Йўлдошев М. Бадиий матннинг лингвопоэтик тадқиқи: Докторлик диссертация автореферати. –Тошкент, 2009.
3. Пирниязова А. Қарақалпақ тил билиминдеги лингвопоэтика мәселелери. “Úzliksiz bilimlendiriw sistemasında aralıqtan oqıtıwdıń integraciyası” atamasındaǵı V Xalıqaralıq ilimiy- teoriyalıq konferenciya toplamı. Nókis, 2025.
4. Расулов А. Бадиийлик – безавол янгилик.-Тошкент: “Шарқ”. 2007. Б.120.